



Depatman Finans
Nathan Kuder, Direktè Finansye
2300 Washington Street
Roxbury, Massachusetts 02119
www.BostonPublicSchools.org/Budget

POU: Prezidan ak Manm, Komite Lekòl Boston
Moun Ki Voye li: Nathan Kuder, Direktè Finansye
DAT: 13 Desanm 2023
OBJÈ: Mizajou Bidjè mwa Oktòb pou Ane Fiskal 2024 la

Memo sa ansanm ak rapò finansyè yo ki atache nan dokiman sa bay komote yon mizajou sou depans nou prevwa yo an fonksyon de done mwa Oktòb la. An fonksyon de enfòmasyon sa yo, nou rete kwè ke n ap fini ane fiskal sa nan limit bidjè nou.

Mizajou sou Bidjè pou Ane Fiskal 2024 la

Nan pakè sa a, w ap jwenn Mizajou sou Bidjè manyèl pou Ane Fiskal 2024 la pou tout peryòd k ap fini 31 Oktòb yo.
Nan rapò sa a, w ap jwenn:

- Rapò Rezime: Rapò sa founi yon Bidjè ki Apwouve, Bidjè Aktyèl, Depans Jiskaprezan, Pousantaj Depans ki Fèt, Depans yo Prevwa, ansanm ak eka ant Bidjè ki Apwouve a pa rapò ak Depans yo Prevwa yo ansanm Bidjè Aktyèl pa rapò ak Depans yo Prevwa yo. Li akimile done nan kategori kont wo nivo yo. Gen yon tablo apa pou fon jeneral la ak pou sibvasyon yo. Yo jeneralman sipoze ke tout sibvansyon pral depanse.
- Rapò sou Detay yo: Rapò sa yo bay menm done ak Rapò Rezime a nan nivo kont ki detaye.

Apati Oktòb 2023 a, rapò a endike yon defisi potansyèl ki egal \$6,413,477. Pwojeksyon defisi a konfòm ak pwojeksyon yo nan moman sa nan ane ki pase yo. Nou prefere adopte yon apwòch pridan pou n pwojte depans yo nan kòmansman ane fiskal la, kote n ap pwojte pifò depans nan pati siperyè kategori pwobab la. Nou rete konfyan nan kapasite n pou n jere difisi pandan n ap konbine yon pèspektiv fiskal ki amelyore ansanm ak itilizasyon fon èd federal yo.

Men prensipal faktè ki kontribye nan sitiyasyon aktyèl nou an:

- Salè - Nou konstate depans salè ki enferyè ak sa n te prevwa yo akoz kantite pòs vid pou pwofesè ak parapwofesyonèl yo ki rete siperyè pase kòm dabitud.
- Sèvis piblik - Depans pou enèji yo enferyè pa rapò ak sa n te atann lè n te etabli bidjè pou Ane Fiskal 2024 la
- Transpò - Transpò andeyò distri a depase kantite n te atann nan, sa ki lakoz yon defisi nan bidjè nou prevwa a. Nan moman sa la, nou pa prevwa yon defisi bidjedtè pou depans pou Ane Fiskal 2024 la atravè Transdev, ki se kontra transpò prensipal nou, malgre li toujou prèske bonè pandan ane a.
- Sèvis Alimantè - Nou kontinye konstate ogmantasyon nan depans nan repa yo vann yo ansanm ak lòt presyon enflayasyon. Depans sa yo konfòm ak depans ki fèt yo pandan sezon prentan ki sot pase a, sepandan, nou te rive idantifye yo twò ta nan pwosesis planifikasyon bidjè a pou n kapab elabore yo pou ane sa a. Aktyèlman, n ap mete pwojeksyon nou yo ajou pou planifikasyon bidjè Ane Fiskal 2025 la.

Nou pa ka tann pou n bay mizajou chak mwa sou bidjè a pou n kapab kontinue konvèrsasyon an konsènan estati bidjè nou an pou Ane Fiskal 2024 la ak pou ane k ap vini yo. Mèsi.